# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–05 मई 2025** **भोजपुरी समाचार**

सर्वोच्च न्यायालय आजु वक्फ संसोधन अधिनियम दुइ हजार पचीस क संवैधानिक वैधता से जुड़ल मामिला के येह महिन्ना क पनरह तारिख के अगिला सुनवाई बदे सूचीबद्ध कइले हौ। मुख्य न्यायाधीस न्यायमूर्ति संजीव खन्ना, न्यायमूर्ति संजय कुमार अउर न्यायमूर्ति के वी विश्वनाथन क खण्डपिठि, अधिनियम क संवैधानिक वैधता के चुनौती देवे वाली याचिकन क सुनवाई कै रहलि हो। येह सुनवाई के समय मुख्य न्यायधीस कहलें कि उहां के जवाबी हलफनामा क बहुत गहराई से अध्ययन नाही कइलें हई। न्यायमूर्ति खन्ना कहलें कि उहां के अगिला मुख्य न्यायाधीस न्यायमूर्ति भूषण रामकृष्ण गवई के सामने येह मामिला के रक्खबि। न्यायमूर्ति गवई येह महीना क चउदह तारिख से भारत क अगिला मुख्य न्यायाधीस क कार्यभार ग्रहण करिहे।

**********

प्रदेस सरकार मक्का क उत्पादन वर्ष बरिस दुई हजार सताईस ले दोगुना करे क लक्ष्य रखले हौ। बहुउपयोगी मक्का क खेतियो किसानन के बहुते पसंद आ रहलि हौ। फिलहाल दुई हजार इक्कईस बाईस में मक्का क पैदावार चउदह दसमलव छौ सात लाख मिट्रीक टन रहल। अब एके बढ़ा के सत्ताईस दसमलव तीन सून्य लाख मिट्रीक टन करे क लक्ष्य हौ। एकरे खातिर रकबा बढ़ावे के साथे प्रति हेक्टेएयर प्रति कुंतल उत्पादनो बढ़ावे पर बराबर क जोर हौ। एक रिपोर्ट–

**मक्के का प्रयोग इथेनॉल उत्पादन करने वाली औद्योगिक इकाइयों, पशुओं एवं पोल्ट्री लिए पोषाहार, दवा, पेपर और एल्कोहल इंडस्ट्री में होता है। सरकार का मानना है कि बहुपयोगी होने की वजह से समय के साथ मक्के की मांग भी बढ़ेगी। इस बढ़ी मांग का अधिकतम लाभ प्रदेश के किसानों को हो इसके लिए सरकार मक्के को खेती के प्रति किसानों को लगातार जागरूक कर रही है। उनको खेती के उन्नत तौर तरीकों की जानकारी दे रही है। किसानों को अपनी उपज का वाजिब दाम मिले इसके लिए सरकार पहले ही इसे न्यूनतम समर्थन मूल्य (एमएसपी) के दायरे में ला चुकी है। समाचार कक्ष से विवेक सिंह**

**********

इलाहाबाद हाईकोर्ट क लखनऊ बेंच कांग्रेस नेता राहुल गांधी क भारतीय नागरिकता के चुनौती देवे वाली याचिका के आजु खारिज कै दिहले हौ। याचिका में आरोप लगावल गइल रहल की राहुल गांधी के लग्गे ब्रिटिश नागरिकतो हौ। जवन भारतीय कानून क उल्लंघन हौ। भारत में दोहरी नागरिकता क अनुमति नइखे। हाईकोर्ट याचिका कर्ता एस बिग्नेश शिशिर के अउरियो वैकल्पिक कानूनी उपाय अपनावे क छूट दिहले हौ। एकरे सथहीं कोर्ट केन्द्र सरकार क निरदेस दिहले हौ कि ऊ येह मामिला में जल्दी से जल्दी अंतिम फैसिला ले काहे से की दुइ देसन क सरकारन से जुड़ल संवाद क मामिला हौ।

**********

उत्तर प्रदेस क उपमुख्यमंत्री ब्रजेश पाठक आजु लखनऊ क किंग जार्ज मेडिकल यूनिवर्सिटी के लारी कार्डियोलॉजी विभाग क दौरा कइलें। येह बिच्चे उहां के ओइजा भरती मरीजन अउर उनके परिजन लोगिन से भेंटि कइके उनके स्वास्थ्य क हाल चाल जनले अउर अस्पताल के चिकित्सकीय इंतिजामन क जायजा लिहले।

येह बिच्चे उप मुख्यमंत्री मरीजन से बातचीत करत उनकर समेस्या सुनलें अउर अस्पताल परसासन के बेहतर सुविधा सुनिस्चित करे खातिर जरूरी दिसा निरदेस दिहलें।

**********

उत्तर प्रदेस विधान परिषद के दैवीय आपदा प्रबंधन जांच समिति क प्रतिनिधि लोगि आजु सभापति इंजीनियर अवनीश कुमार सिंह क अगुवाई में मिरजापुर क भ्रमण कइलें। येह बिच्चे टीमि की ओरि से आपदा मित्र, एन आर एल एम समूह क महिला लोगिन के साथे अउरियो लोगिन के दैवीय आपदा प्रबंधन, बचाव अउर राहत से जुड़ल पुरहर जनकारी दिहल गइल। सभापति इंजीनियर अवनीश कुमार सिंह कहलें कि सज्जो आपदा मित्र, ग्राम प्रधान अउर पंचायत सहायक के साथे अउरियो लोगि अपने अपने मोबाइल में दामिनी ऐप अउर सचेत एप अवश्य डाउनलोड करे। ई दुन्नो एप वज्रपात के बारे में पूर्व सूचना देके सचेत करेला अउर येह एप से वज्रपात से बचल जा सकेला।

**********

आईपीएल क्रिकेट में आजु सनराइजर्स हैदराबाद क मोकाबिला डेल्ही कैपिटल्स से हई। ई मैच हैदराबाद में संझा साढ़े सात बजे सुरू होई। सनराइजर्स अंक तालिका मे नौवां जगहि पर हौ जबकि डेल्ही कैपिटल्स पचवां जगहि पर हौ।

**********

मृदा नमूना एकत्रीकरण अभियान में आजु जौनपुर अउर बनारस के कई गांवन से माटी के एकट्ठा कइके प्रयोगसाला भेजल गइल। जांचि रिपोर्ट के आधार पर किसानन के जरूरति के हिसाबि से उर्वरक के इस्तेमाल क सलाह दिहल जाई। नेशनल मिशन ऑन स्वायल हेल्थ एवं फर्टिलिटी योजना की ओरि से प्रदेस भर में मृदा नमूना एकत्रीकरण अभियान चलावल जा रहल हौ।

**********

प्रदेस क कई जिलन में आजु गरज अउर चमक के साथे भइल बरखा से मौसम सुहाना हो गइल हौ। तापमान में गिरावट के नाते आम लोगिन के भीसण गरमी अउर तेज घाम से राहत मिलल हौ। मौसम विभाग प्रदेस क कई जिलन में आजु अउर बिहने बरखा, तेज बेयार अउर वज्रपात क अलर्ट जारी कइले हौ।

**********